


UPT SATUAN PENDIDIKAN SDN GONDANGWETAN II




TRY OUT II



NAMA :

NOMOR :



Hari/Tanggal : SD :
Waktu : 120 menit Nilai :

I. TULISEN JAWABAN A, B, C, UTAWA D SING PALING BENER!

Mancing.

*Surya mlethek Minggu Pahing
aku sakanca budhal mancing
kanthi bekal lan walesan umpan
dakpancel sepedhaku turut dalam
gurami, nila, lan emas
ora dakrasa hawane tansaya panas
banyu sabotol taksikat amblas
senar ditarik atiku dheg-dheg plas.*

- Isi geguritan ing dhuwur yaiku.....
A. Sepedha ngubengi deso C. Mancing ing dina Minggu
B. Ing wayah sore budhal dolan. D. Mulih saka mancing
- Tembung sing kacithak kandel tegese.....
A. Wayah awan B. Wayah bengi C. Wayah esuk D. Wayah sore
- Kaendahane nagari Indonesia ora mung alame, nanging uga ing kabudayan, lan kesenian. Salah siji tuladha kaendahane seni lan selaras karo bocah-bocah sing seneng dolanan yaiku
A. Tembang campursari B. Tembang macapat C. Tembang dolanan D. tembang langgam
- Wacanen kang setiti !
Jam enem esuk aku wes dandan mlipis. Seragam abang putih, dhasi lan topi wes tak enggo. Dina iki aku arep melu lomba egrang ing stadion. Jam setengah wolu, rombongan wis tekan ing stadion. Ing kono wis rame, amarga para peserta lomba dolanan tradhisional akeh sing wis padha teka.
Wacan ing dhuwur kalebu wacan jinise
A. Narasi B. Dheskrepsi C. Argumentasi D. Persuasi
- Ukara ing ngisor iki sing ngandhut *tembung saroja* yaiku
A. Solah bawane *gandes luwes* merak ati
B. Prapto olehe lara wis sesasi mula awake kari *lunglit*.
C. Surti ora disangoni dhuwit ibune, nanging dibontoti jajan *nagasari*.
D. Wayah udan enake mangan *gedhang goreng* anget.
- Prabu Rahwana ratu buta nyolong Dewi Sinto digarwa menyang negara Alengka arep didadekne garwane. Senajan tindake Prabu Rahwana kang ala wis dielingake dening sedulur-sedulure, nanging Prabu Rahwana nekad. Dewi Sinto ora gelem amarga wis kagungan garwa yaiku Prabu Ramawijaya. Dewi Sinto duweni watak kang
A. Nekat B. Setia C. Geleman D. Ala
- Salah siji jinise teks informasi nduweni titikan kaya ing ngisor iki:
(1). Ngandharake fakta
(2). Kamomot ana ing medhia cetak utawa elektronik
(3). Isine ngandharake sing lagi dadi bahan omongane masyarakat.
Teks informasi iku kalebu jinise teks
A. pawarta C. sesanti/slogan
B. persuasi D. pariwara/iklan
- Pranyatan-pranyatan ing ngisor iki kagolong teks informasi:
(1). Ayo tandang, njaga lestarine alam.
(2). Lestari alasku, lestari bumiku.
(3). Negor sauwit, nandur satus bibit!
(4). Banjir bandhang nrajang, nuwuhake korban jiwa.
Sing kalebu **jinise sesanti/slogan** yaiku nomer
A. 1 lan 2 C. 2 lan 3
B. 1 lan 3 D. 2 lan 4

9. Murid-murid kelas 6 padha gladhen nembangake tembang macapat iki:

*Gereng-gereng Gathutkaca sru anangis,
Sambate mlas arsa,
Luhnya marawayan mili,
Gung tinameng astanira.*

Guru lagu lan guru wilangane tembang kuwi yaiku

- A. 13a – 7a – 8a – 8i
B. 12i – 6a – 8i – 8a
C. 12a – 6a – 8i – 10a
D. 10i – 7a – 10a – 6i

10. Setitekna tembang-tembang ing ngisor iki:

Tembang 1:

*Anoman malumpat sampun,
Prapteng witing nagasari,
Mulat mengandhap katingal,
Wanodyayu kuru aking,
Gelung rusak wor lankisma,
Kang-iga kaeksi.*

Tembang 2:

*Sekar gambuh ping catur,
Kang cinatur polah kang kalantur,
Tanpa tutur katula-tula katali,
Kadalu warsa kapatuh,
Katutuh pan dadi awon.*

Tembang 3:

*Ngelmu iku kalakone kanthi laku,
Lekase lawan kas,
Tegese kas nyantosani,
Setya budaya pangekese dur angkara.*

Tembang 4:

*Si pengung nora nglegewa,
Sangsayarda denira cacariwis,
Ngandhar-andhar angendhukur,
Kandhane nora kaprah,
Saya elok alangka longkangipun,
Si wasis waskitha ngalah,
Ngalingi marang sipingging.*

Sing kalebu jinise tembang pangkur yaiku tembang nomer

- A. 1
B. 2
C. 3
D. 4

11. Bagiyo lan Kholik lagi sinau bab cangkriman. Kanggo ngapalne cangkriman, bocah loro iku dolanan bedhek-bedhekan. Salah siji bedhekane kaya tembang ing ngisor iki.

Pucung.

Bapak pucung amung sirah lawan gembung

Padha dikunjara

Mati sajroning ngaurip

Mijil bapa si pucung dadi dahana.

Batangane tembang ing dhuwur yaiku

- A. Sepur
B. Kapal mabur
C. Gajah
D. Penthol korek

12. Kanggo persiapane nulis teks pidhato becike gawe

- A. Gagasan baku
B. Cengkorongan
C. Ukara
D. Dudutan

Teks ing ngisor iki pethilan saka tuladhane teks pidhato.

Bapak Ibu Guru lan rencang-rencang ingkang kula kurmati. Pendidikan punika kagungan peran ingkang wigatos kagem majukaken bangsa punika. Menawi sarana pendidikan dimanfaatkan kanthi sae, Insya Allah bangsa punika saged maju.

13. Isi pidhato ing dhuwur yaiku

- A. Pendidikan kagungan peran penting kagem majukaken bangsa.
B. Pendidikan dimanfaatkan Bapak Ibu Guru kanthi sae.
C. Bapak Ibu Guru majukaken pendidikan para siswa.
D. Bapak Ibu Guru saged majukaken pendidikan

14. Pranyatan-pranyatan ing ngisor iki ngenani basa sing dianggo ing pidhato resmi lan ora resmi.

(1). Intonasi dhatar.

(2). Intonasi swara munggah mudhun.

(3). Migunakake tembung baku.

(4). Kerep nganggo ukara ora jangkep.

Basa sing dianggo ing pidhato ora resmi ana ing pranyatan nomer

- A. 1 lan 3
B. 2 lan 4
C. 3 lan 4
D. 2, 3, lan 4

15. Methode pidhato cacahé ana 4, metode pidhato kanthi ngapalake naskah luwih dhisik diarani

- A. Impromptu
B. Naskah
C. Ekstemporan
D. Memoriter

II. GOLEKANA WANGSULANE SING MATHUK ING SISIH TENGENE!

Pitakon	Pilihan
16. Jaranan, Gundhul-Gundhul Pacul, Jamuran. Tembang-tembang ing dhuwur tuladhane tembang 17.  Gambar panengahe Pandhawa iki Jenenge 18. Sing kalebu tembung camboran tugel. 19. Pucung. Bapak pucung endi elor endi kidul, Laku tanpa brata, Mung kepingin bisa malih, Dadi kupu si pucung wedaring tapa. Guru wilangan lan guru lagu gatra kapisan 20. Cangkringan tembang pucung ing dhuwur yaiku 21. Watake tembang Dhandanggula 22. Tegese paribasan “nututi layangan pedhot” 23. Gajah nguntal atangane pawon. Tembung kang mathuk kanggo njangkepi cangkringan ing dhuwur. 24. Cangkringan sing batangane “sulak” yaiku..... 25. Wusana namung mekaten ingkang kula aturaken. Kalebu.....pidato.	A. Janaka B. Dubang C. Kupu D. Sangkrah E. Panutup F. Pitik walik saba meja G. Luwes, manis H. 12 u I. Nindakake pakaryan kang angel kelakone. J. Tembang dolanan.

III. ISENANA CECEG-CECEG ING NGISOR IKI NGANGGO TEMBUNG SING MATHUK !

26. Yen ditulis aksara jawa “**sekar mawar mekar**” yaiku.....
27. Pawartane wis tekan ngendi-endi. Tembung kang mathuk kanggo jangkepi ukara kasebut yaiku.....

28.  Tokoh Punakawan iki jenenge

29.  yen diowahi dadi aksara latin

30. Pucung

Bapak pucung, saben dina tansah bingung,
Badanira panjang,
tutukira pan pesagi,
saben dina pucung nguntal buntutira

Batangane tembang pucung ing dhuwur yaiku

31. Negeriku Indonesia
Nut jaman kapungkur tetep nyawiji,
Nunggal ingkang den ginayuh,
Karaharjaning bangsa,
Lo jinawi subur kang sarwa tinandur,
Murah sandhang lawan pangan,
Karukunan kang jinagi.

Guru lagune tembang kasebut yaiku.....

32. Jerbasuki mawa beya. Tegese.....

33. Wacanen sing teliti!

Setiaji bocahe ora kakehan polah. Saben esuk Setiaji ngrewangi ibuke buka warung sego pecel sacedhake sekolahane. Semono uga ing sekolah, yen Setiaji teka luwih disik deweke nyapu kelas sanajan ora wektune piket. Setiaji bocahe tulus ikhlas ing samubarang gawe ora kepingin golek pujian utawa imbalan. Bebasan kang mathuk karo wacan ing dhuwur yaiku "**Sepi ing pamrih rame ing**

34. Cangkriman "**dilebokne malah metu**", batangane benik, yen cangkriman "**dikethok malah dhuwur**" batangane

35. Sesorah tegese padha karo pidhato utawa pamedhar sabda. Miturut swasanane, pidato utawa sesorah iku kaperang dadi 2, yaiku pidato remmi lan pidato.....

IV. WANGSULANA PITAKON-PITAKON ING NGISOR IKI KANTHI BENER !

36. Tembang-tembang sing ditembangake bocah-bocah nalika dolanan, isine nggambarake warna-Indonesia. Sebutna tuladhane tembang dolanan sing nyritakake **kelakuane kewan** telu bae!

37. **Paweling Wong Tuwo.**

Anakku kang daktresnani
Wong tuamu tansah memuji
Nenuwun marang Hyang Widhi
Dadia manungsa kang migunani
Mula welingku
Ngudia ilmu sanguning uripmu
Jamane saya maju
Sapa bodho lan winengku.
Apa isi geguritan ana ing dhuwur iku ?

38. **Pangkur**

Sagung pra rawuh sedaya,
Mugi pinayungan nugraha yekti,
Asih tresna alloh satuhu,
Tansaha kasarira,
Puja-puji syukur saha sembah sujud,
Konjuk ing ngarsa paduka,
Gusti Alloh Maha Suci.
Tulisen guru wilangan lan guru lagu tembang pangkur ing dhuwur !

39. Coba jelasna titikane iklan karo slogan !



Tulisen teks slogan / sesanti kang mathuk karo gambar ing ngisor iki nganggo basamu dhewe !